ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№43 (22.951) • 2015 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 12, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Урысей Федерацэм Шынагъуэншагъэмкіэ и Советым и Секретарь Патрушев Николай Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым дыгъуасэ зэІущІэ щригъэкІуэкІащ

Абы и лэжьыгъэм хэтащ икІи къыщыпсэлъащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий

Пятигорск щекІуэкІа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ лъэпкъ, дин зэхущытыкІэхэр къыздэщІэзыгъаплъэ Іуэхугъуэхэр зэфІэувэныр къэмыгъэхуным, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ Кавказ Ищхъэрэм и щыналъэхэм щыщымыгъэІэным.

● ДызыгъэпІейтей Іуэху

ФЕДЕРАЦЭМ и субъектхэм я унафэщІхэм гу лърагъэтащ экстремизмэр щымыгъэІэным хуэунэтІа щыналъэ программэ хэхахэр зэрыгъэзэщІапхъэм, ахэр кІанэ щымыІэу мылькуКІэ кІыхьэгъэпэщэнри хэту.

ЗэІущІэм къырихьэлІахэм къыхагъэщащ КИФЩІ-м лъэпкъ зэпэщІэувэныгъэхэр нахуэу зэрыщымыІэм, 1990 гъэхэм зэрыщытам хуэдэу. Арщхьэкіэ, Патрушевым зэрыжиІамкІэ, лъэпкъ, дин зэхущытыкІэ тКІийхэр Кавказ Ищхъэрэм и яныкъуэ щыпІэхэм къыщынащ.

УФ-м ШынагъуэншагъэмкІэ и Советым и Секретарым и къэпсэльэныгъэм къыщыхигъэщащ хамэ къэралхэм щыпсэу я лъэпкъгъуэхэм бандэ гупхэм мылъку къызэрыхуаутыпщ Іэмалхэр нэсу къыхэпыуда зэрымыхъуам. Щынальэм щыщыІэ социально-экономикэ Іуэхухэри зэрыгугъуу кІуэнэ. Щытыкіэр зэІыгъэхьэным хэлъхьэныгъэщхьэ хуеиІ эктремист гупсысэ зегъэубгъуныр и кІэм нэсу къызэрызэпамыудам, ар псоми зыщагъэгъуэзэфыну Интернетым и сайтхэм зэрыщыпхагъэкІым.

«Дагъыстэн Республикэм и щыналъэм лъэпкъ зэхущытыкІэхэр щыткІий щыІпІэ зыбжанэ иджыри ушорохьэлІэ. Ставрополь крайм щыхохьуэ кавказ лъэпкъхэмрэ славянхэмрэ яІщыщхэр щызэпэщІэувэ Іуэхугъуэхэм. Абы щыгъуэми зэныкъуэкъуныгъэ къызэрыгуэкІхэр лъабжьэ яхуохьу а щыпІэм щыпсэухэмрэ къэІэпхъуахэмрэ я лъэпкъ зэпэщІэтыныгъэ гуащІэхэм», - жиІащ Патрушев Николай.

«КІэлыпІэныныгъэ тКІийм щІэпсэувапхъэщ терроризм хуеиІ эктремист гупсысэ зегъэубгъуныр и кІэм нэсу къызэрызэпамыудам, ар псоми зыщагъэгъуэзэфыну Интернетым и сайтхэм зэрыщыпхагъэкІым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал гербыр Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжыныгъэм и Іэухуэмкіэ, къызэрымыкіуэ щытыкіэхэмкіэ, къэхъуа гуэзвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкіуэжынымкіэ и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и бэракъ дамыгъэм хэгъэувэным и Іэухукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал гербым и Іэухукіэ» 1994 гъэм шыщхьэуІуи и 4-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №12-РЗ-м и 3-нэ статьям ипкъ иткІэ, **унафэ щІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал гербыр Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжыныгъэм и Іэухуэмкіэ, къызэрымыкіуэ щытыкіэхэмкіэ, къэхъуа гуэзвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкіуэжынымкіэ и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и бэракъ дамыгъэм хагъэувэ хъуну гъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм гъатхэпэм и 4-м
№35-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм накъыгъэм и 29-м къыдигъэкІа унафэ №948-РГ-м къару имыІэжу къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мазаем и 24-м
№17-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Информацэр хъумэнымкІэ щыІэ ведомствохэм зэдай комиссэм хэтхэр къэщтэн мы Унафэм зэритым хуэдэу.

2. Къару имыІэжу къэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм мэкъуаугъуэм и 27-м къыдигъэкІа унафэ №66-РГ-м и унэтІ 1-м.

3. Мы Унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мазаем и 24-м
№18-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 24-м къыдигъэкІа унафэ №18-РГ-мкІэ къыщтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Информацэр хъумэнымкІэ щыІэ ведомствохэм задай комиссэм хэтхэр

Битокъу В. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Іыр *(Комиссэм и унафэщІщ)*

Литовченко Т. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр *(Комиссэм и унафэщым и къуэдзэщ)*

Волошин В. В. - Урысей Федерацэм и Федеральнэ хъумакІуэ Іэухуэщ Іапіэм Связь хэхамрэ информацэмкІэ и центру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Дружининэ Н. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм щэхуэхэр хъумэнымкІэ и секторым и унафэщІыр

Жекеев А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым и япэ къуэдзэр *(зэгурыІуаУэ)*

Залиханов К. Хь.-У. - къэрал кІуэцІ Іэухуэхэмкіэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и къуэдзэр *(зэгурыІуаУэ)*

Куквэ А. Н. - Связым, хъыбарегъащІэ технологиехэм, цІыхубэ коммуникацэхэм я Іэнатіэм щыкІэлъыплъынымкІэ федеральнэ кІуэцІ Іапіэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщым и къуэдзэр - къэщтащэгъэнымкІэ (кІэлъыплъынымкІэ), хуит зэращІ тхыпІхэр тынымкІэ къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Минников Ю. Т. - Техническэ, эксперт кІэлъыплъынымкІэ федеральнэ кІуэцІ Іапіэм и Управленэу Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округэм щыІэм и унафэщым и къуэдзэр *(зэгурыІуаУэ)*

Надежин М. В. - УФ-м Граждан зыхъумэжыныгъэм и Іэухуэхэмкіэ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ, къэхъуа гуэзвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжынымкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Синицкий А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іэухукіэ управленэм хъыбарегъащІэ технологиехэмкІэ и департаментым и унафэщІыр

Усов О. Л. - Урысей Федерацэм Шынагъэншагъэмкіэ и федеральнэ кІуэцІ Іапіэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Фочыщіэ Н. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Аппаратым и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Шишкин А. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іэухуэхэмкіэ управленэм информацэр хъумэнымкІэ и департаментым и къудамэм и унафэщІыр *(Комиссэм и секретарщ)*

Президиумыр ирегъэкІуэкІ Егоровэ Татьянэ.

Емуэ Нинэ

Сабий садхэр зэпэубыдауэ щытыжынукъым

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Доклад зыщІам къызэригъэлъэгъуамкІэ, илъэси 3-м щегъэжьауэ илъэси 7-м нэс си ныжьыб сабийхэр 2014 гъэм садхэмкІэ къызэгъэпэщыжьым теухуауэ зэхалъхьауэ щыта программэм къыщагъэлъэгъуат сабий 3175-рэ зэкІуэлІэн садхэр къызэІуахыну, а бжыгъэм 722-кІэ щІрагъэпэуам. Лажьэу щыІэ еджапІэхэр къызэрагъэсэбэн щыкІэр зэрагъэтэмэмам и хьэкъкІэ сабийуэ 515-рэ, унэ щхьэхуэхэр капитальнэу зэрызэрагъэпэщыжам и хьэкъкІэ сабийуэ 1640-рэ, ухуэнысэщІэхэр зэрырагъэкІуэкІам и хьэкъкІэ сабийуэ 1020-рэ, зэгурыІуныгъэхэм къыщыгъэлъэгъуа бжыгъэхэм зэрыщІрагъэгъуам и хьэкъкІэ сабий 667-рэ зэкІуэлІэн Іуэхущапіэхэр хьэзыр ящІащ. 2014 гъэм Бахъсэн районым щыщ Кыщтэк къуажэм къыщрагъэжьащ сабийуэ 140-рэ зэкІуэлІэн садыщІэ.

Апхуэдэу мы Іэнатіэм зрагъэжьыкыр папщІэ уней мыльхури къагъэсэбэп. Блэкіа илъэсым и дыгъэгъазэ маздэм сабий 55-рэ зэкІуэлІэ уней сад Шэджэм районым щыщ Яныкъуей къуажэм къыщызэІуахащ. Прохладнэ къалэми сабий 80 зыщІэхуэн апхуэдэ Іуэхущапіэ иджыпсту щащІ икІи ар дызэрыт илъэсым къриубыдэу хьэзыр ящІыну я мурадщ.

Сабий Іуэхущапіэхэм зегъэужьным хуэгъэзауэ нэгъабэ лэжьыгъэ хьарзынэ ирагъэкІуэкІащ. Сабий садхэр зэгъэпэщыжьным, абыхэм зыхуей Іэмэпсымэхэрэ унэльащІэмрэ къахуэщІэхуным трагъэкІуэдзэн папщІэ федеральнэ бюджетым и субсидиеу сом мелуан 204-м нэблагъэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджет зэгуэтым и ахъшэу сом мелуан 51-м нэблагъэ хухахат, а ахъшэ псори тэмэму къагъэзэгъащ.

Докладым къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, иужьрей зэманым гулъытэ хэха хуащІ егъэджэныгъэмкІэ программэхэр сабий садхэм тэмэму щагъэзэщІэн папщІэ иджырей егъэджэкІэмрэ технологиехэмрэ къэгъэсэбэпыным. Абы и лъэныкъэкІэ мыхьэнэшхэу и Іэш Егъэджэныгъэмкіэ федеральнэ къэрал стандартым къигъэувэр гъэзэщІэным. КЪР-м Егъэджэныгъэмкіэ и министерствэм а Іуэхум 2013 гъэ лъандэрэ зыхуегъэхьэзыр. А лэжьыгъэм хиубыдэу сабий садхэм я лэжьакІуэхэм я семинар ирагъэкІуэкІащ, а Іэнатіэм щылажьэ педагогхэм ящыщу 650-рэ Іэщіагъэм щыгъахьэу курсхэм щрагъэджащ.

Егъэджэныгъэмкіэ Іэнатіэм пэрытхэм я лэжьапщІэр зыхуэдизыр мазэ кьэс къызэрапщытэм кърикІуахэм ятепщІыхьмэ, зи школ кІуэгъуэ мыхъуэ сабийхэр щагъасэ Іуэхущапіэхэм я педагогхэм я улахуэр 2014 гъэм и япэ мази 9-м къриубыдэу ику иту сом 17143-рэ, зи школ кІуэгъуэ мыхъуэ Іуэхущапіэхэм я унафэщІхэм я улахуэр сом 22685-рэ хъууэ щытащ.

Емуэ Нинэ жиІащ уней сабий садхэр къызэІуахыну мурад зыщІэхэр зэпымыууэ нэхъыбэ зэрыхъур. Абы къыхэкІыу КЪР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэмрэ КЪР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэмрэ зэщІыгъуу зэхалъхьащ къэралым и Мэр щыІэм щІэмыт сабий садхэм защІэгъэкъуэнымкІэ лажьыпхъэхэм я план. Апхуэдэу, дызэрыт илъэсым министерствэм гулъытэ хэха хуищІынущ сабий садхэм и гъэсакІуэ нэхъыщІэхэмрэ адрей Іэнатіэ гъэдэхэнэм щылажьэхэмрэ я лэжьапщІэр гъэтэмэмыным.

Докладым щытепсэлъыхьым депутатхэм Іуэху зэмыліужьыгъуэ куэд къаІэтащ. Къапщтэмэ, Законодательствэмкіэ, къэрал уухэкІэмкіэ, щыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ комитетым и унафэщІ Беч Хьэзэрэтий щІэнущІащ уней сабий садхэр къызэІуахыхэм абы трагъэкІуадэ ахъшэр къхъухьыжырэ къыхамыкъыжырэ.

- Сабий садхэм ящыщу къэралым Іэщіэмыльхэм фейдэ къызэралэжьнум тращІыхьыркъым, абы къыхэкІыу къаІэрыхьэ ахъшэ псори Іуэхущапіэм токІуэдэж. Мыр нэхъыбэу зытещІыхьэр щІыхуэхэр лэжьапІэкІэ къызэгъэпэщынырщ, апхуэдэу нэщІу щыт унэ щхьэхуэхэр къэгъэсэбэпынырщ. Дэ мы лэжьыгъэм гъунэ итлъа къудейщи, Іуэху зэІумыбз куэд къыкъокІ, ауэ узыщІыгуфЫкІын гуэрхэри щыІэщ, - жиІащ Емуэ Нинэ.

Берд Хьэзэрэталий къыхилъхьащ мы Іуэхум Іэщіагъэлкъэр куууэ егупсысыну икІи Іэмал зэрилэкІэ щыуагъэхэр къамыгъэхъуну. Емуэ Нинэ абы теухуауэ къиІэлъэгъуащ мы лэжьыгъэм и лъэныкъэ псори зыхуэфащэ хабзэ мардэм къыщыпытапхъэу зэрыщыстыр.

- ЩІэуэ къежьа мы Іуэхур зэрыгъэнэщ, къэралым Іэщіэмыльэ сабий садхэр къызэІуахыну зэрыщІадзам и сэбэнкІэ апхуэдэ Іуэхущапіэхэр щамыухуэ жьлагъуэхэм мы Іэнатіэр щефІэкІуэнущ. Ауэ уней сабий садыр къызэІуэзыхьм и пщэ дилъхьэж къалэнхэр зэриГъэзащІэм, егъэджэныгъэр къызэрызэрагъэпэщым, сабийхэр зыхуей зэрыхуагъазэм кІэлъыплъыпхъэщ, - псалъэмакъым къыхихьащ КЪР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ. Емуэ Нинэ абы теухуауэ жиІащ уней сабий садхэм я лэжькІэм КЪР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмкіэ, щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэр, муниципальнэ щІыналъэхэм я департаментхэр зэрыкІэлъыплъынур.

Я бынхэр сабий садхэм ягъэхІуэну гукъыдэж зыщІ адэ-анэхэм я бжыгъэм зэпымыууэ зэрыхэхъуэм къыхэкІыу зэрыкІалІэ Іуэхущапіэхэм я зэфІэкІым хэгъэхъуэнымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр зыщІэ.

- Дэ фІэкІыпІэ имыІэу дгъэзэщІэнущ УФ-м и Президентым 2012 гъэм и наКъыгъэ мазэм къыдигъэкІауэ щыта Указым къыщыгъэувахэмрэ республикэ программэхэм щыгъэзыхуа къалэнхэмрэ. Пэж дыдэу, сабий сад екІуэр яухуэу зэрыщІадзэу абыхэм кІуэн папщІэ зи чэзум пэпІъэхэм я бжыгъэр 800-м щегъэжьауэ 1019-м нэсащ. Иджыпсту илъэси 3-м щегъэжьауэ илъэси 7-м нэс си ныжьыб сабийхэм ящыщу процент 81-м садхэм кІуэну Іэмал яІащ. Иджы едгъэкІуэкІ Іажьыгъэхэр нэдгъэса нэужь, псоми Іэмал яІэнущ я бынхэр сабий садхэм ягъэкІуэну, - жиІащ Емуэ Нинэ.

Апхуэдэу зэІущІэм къыщаІэтащ зи школ щІэтхьысхьэгъуэ мыхъуа сабийхэр зэкІуэлІэн Іуэхущапіэхэр видеокамерэхэмкІэ къызэгъэпэщыныр, цІыкІуэр зэрагъашхэр егъэфІэкІуэныр, а Іуэхущапіэхэм медицинэм и Іэщіагъэлі-хэр ирикъуу гъэкІуэныр, нэгъуэщІхэри.

Докладым къыщыгъэлъэгъуахэм, абы щытепсэлъыхьым къыхэлъхьахэм япкъ иткІэ зэІущІэм къыщащтащ зыхуэфащэ Іэнатіэхэм яхуэгъэза чэнджэщ пыухыкІахэр.

ЗэІущІэм апхуэдэу щыхэпльащ республикэм и законопроект зыбжанэм. Абыхэм ящыщу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал гимнэм и Іуэхукіэ» республикэм и Законым и 2-нэ, 4-нэ статьяхэм зэхъуэкІынигъэхэр хэлъхьэным теухуар. КЪР-м и Парламентым Законодательствэмкіэ, къэрал уухуэкІэмкіэ, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ комитетым и унафэщІ Берд Хьэзэрэтий зэрыжьІаІкІэ, а законопроектыр зыхуэгъэзар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал гимныр фІэкІыпІэ имыІэу щагъэзащІэ щІыпІэхэмэ, ар щагъэзащІэ хъуну щыпІэхэмрэ нэхъ зэхэгъэщхьэхукІауэ убзыхунырщ.

- Президиумым и зэІущІэр зыхэлъа документхэр депутатхэмрэ зыхуэфащэ органхэмрэ елэжьын папщІэ хуагъэхьащ.

Парламент зэдэлэжьэныгъэм хиубыдэу депутатхэр апхуэдэу хэпльащ Урысей Федерацэм и нэгъуэщІ субъектхэм я парламентархэм къагъэхьа жэрдэм щхьэхуэхэм.

ТекІуэныгъэ Иныр гъэлъэпІэным зыщыхуагъэхьэзыр мы лъэхъэнэм депутатхэм унафэ къащтащ граждан жьлагъуэ Іуэхущапіэхэм зегъэужьным куэд зэрыхащІыхьам папщІэ зауэм, лэжьыгъэм, Іэшщэкіэ ЗэщІэуэзэда Къэрухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэр (пенсионерхэм) я Налшык къалэ жьлагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэу Ацкъан Хьэсбий Афэ и къуэм, Белан Юрий Иван и къуэм, Герасименкэ Нинэ Михаил и пхъум, Джэрыджэ Абубэчыр Жамбот и къуэм, Къэнщауэ Мусэбий Исуф и къуэм, Хочиев Магомет Бэчымырзэ и къуэм, Шэшэн Залымхэн Зэрэкъуш и къуэм, Ширшовэ Аннэ Петр и пхъум КЪР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр етыным теухуауэ.

Апхуэдэу зэІущІэм къыщащтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр гъатхэпэм и 26-м егъэкІуэкІыным теухуауэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● ЖКХ

Программэм лэжьэн щІедзэ

Аварийнэ щытыкІэм ит унэ кхъахэхэм щыпсэуахэр. «2014-2017 гъэхэм кьриубыдэу къыщІэгъэІэпхъуэкІыным» ехьэлІауэ къащта щІыналъэ программэм лэжьэн щІидзащ. Абы ипкъ иткІэ фэтэр куэду зэхэт унэу 150-м щыпсэуахэр ягъэІэпхъуэн уеиІуэ щытщ.

ЯПЭ илъэсым а Іуэхум храгъэубыдэну ягъэбелджылат фэтэр 69-м щыпсэу унагъуи 153-рэ. Абыхэм ящыщу фэтэр 58-р иджыпсту зыхуей хуагъазэ, зы мазэ-мазитКІэ лэжьыгъэхэр яухынущ.

Мы зэманым ирихьэлІэу ягъэхьэзыращ фэтэр 38-м щэн-кІэщэн Іуэхумкіэ яхьэлІа дэфтэхэр. Адрей къэна псэупІэхэмкІи дэфтэрхэр зыхуей хуагъазэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

МафІэс частыщІэ къызэІуах

КъБР-м МафІэсым пэщІэтынымкІэ и къэрал Іуэхущапіэм гулъытэ хахэ хуещІ республикэм и къуажэхэр мафІэсым щыхьэныр щыхьэгъэпэщыным. А Іуэхугъуэр зэфІэхыным и зи чэзу лъэбакъуэщ гъатхэм и япэ махуэм Бахъсэн щІыналъэм хыхьэ Кременчуг-Константиновскэ къуажэм мафІэс частыщІэ къызэрыщызэІуахар. Ар и фІыгъэщ республикэм и районхэр нэхъ инхэм ящыщ зым мафІэс щынагъуэнщагъэр щыгъэбыдэнымкІэ Іэмалу щыІэ псори зэфІэзыхэ КъБР-м и ГПС-м и унафэщІ Борэн МуЗеад.

МафІЭС часть №25-р къыщызэІуахым кьрихьэлІащ Бахъсэн районым мафІэсым щыхъэмэнымкІэ, мафІэс-профилактикэ лэжьыгъэхэр Бахъсэн, Щэджэм, Іуащхьэмахуэ щІыналъэхэм къыщызэгъэпэщыныкІэ ГПС-м и гуп №4-м и тхъэмадэ Бжэныкіэ Анатолэ зи пашэ унафэщІхэр, кьызэІуах Іэнатіэщ Іам и лэжьакІуэхэр. Частыщ Іам и Іэтащхьэ кІуныкъур дзыхь хуащІащ илъэс 30-м щІигъукІэ Бахъсэн къалэмрэ Бахъсэн щІыналъэмрэ мафІэсым щыхъэмэнымкІэ Іэнатіэм и тхъэмадэу щыта, мафІэсым пэщІэтыным и ветеран Бырхьэм Абубэчыр и къуэ Адмир.

Къыхэдгъэщынщи, МафІэс часть №25-р зыхуей мафІэс-техникэ Іэмэпсымэхэмкіэ уэзщІа АЦ-40 автомобилитКІэ къызэгъэпэщащ. ІуэхущапІэм иІэщ сыт щыгъуи хьэзыр пльыр Іэнатіэ. Кременчуг-Константиновскэ жылагъуэм мафІэс часть къызэрыщызэІуахам и фІыгъэкІэ, цІыху 27-м лэжьыгъэ Іэнатіэ я гугъэтащ, мафІэс къэхъу хъужьыгъэмэ, щІыпІэм нэсыным текІуэдэну зэманыр нэхъ мащІэщ.

- МафІэс часть №25-м и нэІэм щІэтщ Кременчуг-Константиновскэ, Псыхъурей (Бахъсэн район), Псынщокъуэ, Къэрэгъэш (Прохладнэ район) жылагъуэхэр. Нэхъапэм район центрым икІыу мафІэсгъэункІыифхэр а щІыпІэ пхыдзэхэм кІуэн хуей хъурти, зэман нэхъыбэ текІуадэрт, мафІэм щІыпІэм зыщыубгъурт. Иджы Кременчуг-Константиновскэм, абы и гъунэгъу къуажэхэм щыпсэухэм зыхащІэнущ мафІэсым нэхъ щыхьэмэ зэрыхъуар, - жиІащ Бжэныкіэ Анатолэ Іэнатіэщ Іам и лэжьакІуэхэм абы и мыхьэнэ нэхъыщхьэм къыщыгъеувыІам.

КъБР-м МафІэсым пэщІэтынымкІэ и къэрал къулыкъум и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● Текіуэныгъэ - 70

Дзагуэм и лІыгъэ

56-нэ армэм хиубыдэ 395-нэ фочауэ дивизэм 1943 гъэм фокІадэм и 11-м къалэн къыщащІащ, Кърымыр къэубыдыныкІэ нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм ящубыхуа Іуэхур Іэмал имыІэу къызэпаудыну. Абы лІыхъужьыгъэ ин хэлъу зыкъыщигъэдэхэгъуащ ди щІынальэм икІа, зауэлІ хахуэ Дзагуэ Къэралбий и Іэмыщ Іэ къралъхьа лагъымыдз батареем.

АР ХЭТАЩ Варениковскэ станицэм и Іэгъуэблагъэм щекІуэкІа зэхэуэ гуащІэм. Жэпуэгъуэм и 2-м корпусым и дзэм Ахтанизовскэ, Кизилташ щыпІэхэм я зэхуакур яубыдри, Старотитаровскэ, Вышестебливскэ жылагъуэхэр бийм къыІэщІахьжащ. Псэемыблэжу бийм пэщІэта комбат хахуэр Кавказ Ищхъэрэм щекІуэкІа зауэ гуащІэхэмэ хэтауэ 1943 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м Темрюковскэ районым хыхьэ Соляный жылагъуэ цІыкІум и деж щыхэкІуэдащ.

Дзагуэм зэрихьа лІыгъэм теухуа дэфтэрхэм мыпхуэдэу итщ: «Капитан Дзагуэ Къэралбий и унафэм щІэт лагъымыдз батареем Крым щІыналъэм хиубыдэ Садовэ жылагъуэ цІыкІум бийм и Іэщэ гъэуапІэу 12-рэ аужь къыздикІ щІытІу 2-рэ зэхихьутащ.

Цымбыла къалэр къыщащтэм фочауэ ротэм иебгъэрыкІуэныгъэр ядэзыІыгъ Дзагуэр бийм и кхъухьлъатэм кьридзыха бомбэм иукІахэм яхэхуащ».

А зауэ гуащІэм щигъэлъэгъуа зэфІэкІымрэ хахуагъэмрэ папщІэ хэкуЛ нэсу кьалъыта адыгэ зауэлІм къыхуагъэфэщащ «Вагъуэ Пльыжь» орденыр, 1943 гъэм жэпуэгъуэм и 9-м - «Хэку зауэ» орденым и 1 степеныр (дунейм ехыжа нэужь). Ди хуитныныгъэм зи псэр щІэзыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым и зауэлІ щхьэмыгъазэхэм щІыхь ин пылъу яхэуващ Дзагуэ Къэралбий и цІэр.

ШЭДЖЭМ Залымджэрий.

● Гъатхэпэм и 12-р Урысейм и уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іэнатіэм и лэжьакІуэм и махуэщ

Илъэси 136-рэ урокъу



Хабзэ зэрыхъуауэ, Урысейм и уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іэнатіэм (УИС) и лэжьакІуэм и махуэр гъатхэпэм и 12-м ягъэлъапІэ. А Іэнатіэр езыр илъэси 136-рэ урокъу.

КЪЭРАЛЫМ и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу псоми я зэхуэдэ хабзэхэр пхыгъэкІыныр, ахэр щыуагъэкІэ е ерыщагъкІэ къызэпызыудэкІ жэуапым ешэлІэныр. Урысей пащтыхь Александр III 1879 гъэм гъатхэпэм и 12-м Іэ щІидзауэ щытащ Пльэхъуэщ управленэ нэхъыщхьэ къызэгъэпэщыным теуухуа унафэм. Урысейм Тезырхэр ирегъэхьэкІыныкІэ и Іэнатіэм зыужьыныгъэ нэхъыбэу щигъэтэгъ XIX лІэщІыгъуэм и 60-90 гъэхэщ.

КЪР-м и япэ уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іуэхущапіэм кьежьапІэ хуэхъуащ 1920 гъэ - щІэпхъаджагъэ зыщІар ща-Ікъуэ унэхэр къыщызэІуахам. Илъэсищ дэкІри, ахэр Тезырыр щрахьэкІ щІыпІэхэмкІэ управленэ нэхъыщхьэм хагъэхьащ. 1927 гъэм Тезырхэр щагъэзэкІуэж унэ хьуащ.

Урысейм и уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іэнатіэу КЪР-м щыІэм Тезырхэр ирегъэхьэкІыныкІэ и щІыналъэ управленэм и нэІэм щІэтщ Федеральнэ кІэзэнэ Іуэхущапіэхэр: тезырыр щІыхьхэхэм щІэгъэтхІияуэ, къызэрыгэкІыу щрахьэкІ, щІыхубзхэр щаІыгъ колониехэр, Налшык къалэ дзт следственнэ изоляторыр, республикэм и щІыналъэ псоми кьудамэ щиІэ уголовнэ-гъэзэщІакІуэ инспекцэр.

Мы зэманым Урысей ФСИН-м и Іуэхущапіэу КЪР-м щыІэм Тезырыр щрахьэкІ ягъэкъуанэщ, щэч зыхуащІ, ягъэтІыса щІыху 2200-рэ. Уголовнэ-гъэзэщІакІуэ инспекцэм кьызэрыштыкІэ, суд зытращІыхьахэр, жылагъуэм пэІэщІэ ямыщІу тезыр зытралъхьахэр щІыху 4700-рэ мэхъу.

Іуэхущапіэм гулъытэ щхьэхуэ щІыхуащІ ягъэтІысахэм гъэсэныгъэ яхэлъхьэным, щІэныгъэ, Іэщіагъэ ягъэгъуэтыным, социальнэ, психологие лэжьыгъэхэр ядегъэкІуэкІыным. УФСИН-р ядолажьэ граждан жылагъуэ институтхэм. Жылагъуэ кІэлъыплъакІуэ комиссэм хэтхэр, ЦІыхум и хуитныныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КЪР-м щыІэм и аппаратым и лыкІуэхэр УФСИН-м и нэІэм щІэт Іуэхущапіэм щІэх-щІэхьыр макІуэ.

ЯгъэтІысахэм я дежэ сэбэп зыпылъ - социальнэ зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэным, ахэр жьІэдалуэу щытыным хуэунэтІауэ Іуэхущапіэхэм попечитель, адэ-анэ советхэр къыщызэрагъэпэщащ. «Бжэ зэІухахэр», щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я лэжьакІуэхэм щахуэзэ зэІущІэхэр, спорт Іуэхугъуэхэр ирагъэкІуэкІ. КъыщыныкъущІауэ, диным ехьэлІа ущиныгъэхэм я щІэтІысахэм драгъэкІуэкІ. Гъэсэныгъэм и зы унэтІныныгъэщ нэхъ пасэу хуит щІыжьынщ.

УИС-м и унафэщІхэм я Іэщіагъэм хуэІэижьу щытыным, дисциплинэ лъагэ яхэлъным гулъытэ хэха хуащІ. Абы и лъэныкъэкІэ къызэрагъэпэщ «Мисс УИС», «Виват офицер!» зэпеуэхэр, я унагъуэхэм щыщхэр зыхэт спартакиадэхэр.

ЩІэуэ я къахьыха лэжьакІуэхэр хэкупсэу гъэсэныр, я Іэщіагъэм, лэжьыгъэм лъэ бидзкІэ щыуныр ехьэлІауэ ветеранхэм Іуэхугъуэ зыкъом ирагъэкІуэкІ. УФСИН-м и Іэнатіэхэм нобэ щолажьэ зы унагъуэм къыхэкІахэу, зэщхьэгъусэхэу куэд. Адэ-анэхэм, адэшхуэ-анэшхуэхэм я лъэужьым ирокІуэ я бынхэр, къуэрылъху-пхъурылъхуэхэр.

Зи кьалэн зыгъэзащІэу хэкІуэда я лэжьэгъуэхэр ягу ихуркъым. УФСИН-м и пщІантІэм абыхэм щыхуагъэува фэзеплъым сыт щыгъуи удз гъэгъахэр тельщ.

Урысейм и уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іэнатіэм и лэжьакІуэм и махуэр гъэлъэпІэным теуухуа унафэм Урысейм и Президентым Іэ щІидзащ 2010 гъэм щэкІуэгъуэм и 16-м. Абы и пэкІэ а махуэр Урысейм и уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іэнатіэр къыщызэрагъэпэщауэ ягъэлъапІэу щытащ.

Урысейм Тезырхэр ирегъэхьэкІыныкІэ и федеральнэ кІэлъыкъуэм и Іуэхущапіэу КЪР-м щыІэм и тхъэмадэщ къэрал кІуэцІ кІулъыкъуэм и полковник Мэржэхъу Мухьэмэд.

Нобэ зи махуэр зыгъэлъапІэ, кьалэн мытынышм пэрыт УИС-м и лэжьакІуэхэм узынщагъэ, дэрэжэгъуэ, насып я куэду гъащІэм щыгуфІыкІыну, мамыру я кьалэныр ирахьэкІыну ди гуапэщ.

УАРДЭЩАУЭ Жансурэт.

Псэуныгъэр ирагъэфІакІуэ

● Аруан щІыналъэ

Шэрэдж Ищхьэрэм и унафэщІхэм я зэфІэкІ псори ирахьэлІэ къуажэм псэуныгъэ-экономикэ и лъэныкъуэкІэ зегъэужьыным.

ЩІЫПІЭ администрацэм и унафэщІ Къэрэдзэж Владимир кьызэрыкигъэщамкІэ, псом ящхьэу иужь итынущ цІыхум я псэуныгъэр езыгъэфІакІуэ Іуэхугъуэ нэхъыбэ къэхьэлІэным. Кьапщтэмэ, «2014-2020 гъэхэм кьриубыдэу къуажэ щІыналъэхэм зегъэужьыныкІэ къэрал программэм ипкъ иткІэ, бынунагъэшхуэу, хуэмышІауэ псэу унагъуэу 10-р, «Іэщіагъэлі ныбжьыщІэ» унэтІныныгъэм хиубыдэу 1-р дэІэпыкъуэгъу зратыныхэм хагъэхьащ. «Унагъуэ ныбжьыщІэхэр псэупІэ унэкІэ къызэгъэпэщын» программэм ипкъ иткІэ, тІур ягъэпэгъуауэ щытщ. Къищынэмыщ Іауэ, КЪР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм хуагъэхьащ къуажэм и уэрам нэхъыщхьэр щиухым метр 450-рэ и кІыхьагъыу газ бжьамий щыукъуэдиныныкІэ проектым и дэфтэрхэр.

Мы зэманым ирихьэлІэу Шэрэдж Ищхьэрэм жьлэр зыкъуанэкъуэ лажьыгъэ щхьэхуэхэр кьыщыдгъэлІащ. Кьапщтэмэ, зыбжанэрэ къызыпхиуда магистральнэ псы жьлэр зэрагъэпэщыжащ, Степной уэрамым мывэкІэщхъ трактІутащ, Ленинымрэ Къэгъэзэжьымрэ я уэрамхэр кьызэрагъэнэху уэздыгъэхэр зэрагъэпэщыжащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Унагъуэ

ЦІыкІуэхэр къуаншэу пІэрэ?

Уасэхэр щыдэкІуейм и деж нэхъ гугъу ехьыр бын куэд зиІэ унагъуэхэрщ. «2015 гъэм щІышылэм и 1-м зы махуэм сабий садым и уасэр сомі 105-м иКІри сомі 140-м нэсащ, нэгъуэщІу жьпІэмэ, зы сабийм зы мазэм сом мини 3 щІэттын хуейщ. Сэ бынитІ сиІэщ. Дауэ дызэрыпсэунур къэзлэжь сом мин 12-м щыщу, мини 8-10-р «коммуналхэм» ишхмэ? Дэнэ кІыздисхынур си сабийхэм езгъэшхынумрэ ящысТІэгъэнумрэ?» - хуитащ Сергеж (Карелие) щыщ Тананэ Анастасие Путин Владимир.

Іэубыдыпіэншэщ

Урысейм и кІал з куэдым сабий садхэр нэхъ лъапІэ щыхъущ. Северодвинск сом 2772-м щиКІри сом 3035-м нэс щыдэуеящ, Томск сом 1760-м щынэсащ зэрыщыта сом 1100-м иКІри. Апхуэдэ щытыкІэ щыщыІэщ Екатеринбургі, Петрозаводскі, нэгъуэщІхэми. Абы щыгъуэми, языныкъуэ щыпІэхэм бын куэд зиІэ унагъуэхэм щыхудачыхыркъым - зэрыпроцентищэу Іах.

«Сабий садхэм щытыкІэм хэхъущ ЕгъэджэныгъэмкІэ законым псоми я деж кІэ зыуэ щыт хабзэр хагъэкІа иужь (нэхъапэм сабий садым и пщІэр фІэкІынутэкъым сабийр пІыним трагъэхІуадзэм и процент 20-м). Абы щыгъуэми, мы Іуэхум сыт щыгъуи бгъэдыхьэрт лъабжьэ иІэу, - жеІэ ОНФ-м и хэдзэкъуэ хэт, УФ-м и Къэрал Думэм Егъэджэныгъэмкіэ и комитетым и унафэщІым и къудзэз Мануйлова Ириной. - Пэжщ, ерыскьыхэм я уасэхэм хохьуэ. Ауэ сыт сабий садхэм я уасэхэр процент 30 - 50-кІэ щІалэтыр? Псалъэм и хьэтыркІэ, Чита ахэр процент 55-м щыщІигъуащ. Къэралым и сабий садхэм уасэхэр сом 1100-м къыщыщІдзауэ сом 3500-м нэскІэ щызэщъхьэщокІ. Уеблэмэ ГъунэгъуМуниципалитетэм щызекІуэхэм процент 20 - 30-кІэ къащъхьэщыкІынкІи мэхъу. Къащтэмэ, Коми щыІналъэм уасэхэр мыпхуэдэу щыдэкІуеящ: Воркута процент 50-кІэ, Ижмэ - процент 18-кІэ, Ухта - процент 30-кІэ. Дэ дгъэхьэзыращ уасэхэм пщалъэ яхуэзыгъэув законопроект. Ар гъатхэ сессием къэтщтэну къыщІэкІынущ».

Илъэсыр къызэрихьэу садхэм я мызакъуэу хэхъущ сабий хъэпшыпсоми: щыгъыным, вакъэм, зэрыджэгу хьэпшыпхэм, ирагъэшх ерыскъыхэм. Анэ куэдым памперс лъапІэхэр къахущэхужьыркъым.

Къулейсыз цІыкІуэхэр

«Урысейм сабий мелуан 28-рэ щопсэу икІи абыхэм я процент 40-р къулейсызу жьпІэ хьунущ, - пещэ РАНХиГС-м и ИГСУ-м и профессор Храпылинэ Любовь. - Ауэ бжыгъэм и закъуэкъым Іуэхур зэлъытар. «ГъащІэм и фІагъ» жыхуэтІам куэд иІыгщ. Сабийр хуэпакІи мымэжалІэкІи зэфІэкІыркъым. Къэлъытэн хуейщ щитІагъэри ишхри зыхуэдэр. Ахэр фІагъкІэ зэрыщытын хуейм хуэдэу щымытмэ, щІагъуэкъым. Къэралым хуэмышІа щІыналъэхэм нэхъ защІигъэкъуэн хуейщ. Язныкъуэ къалэхэм сабийхэм щагъашхэ, адрейхэм щагъашхэркъым. Сыт щхьэкІэ? Урысейм щыпсэу сабийхэм зэхуэдэ хуитыныгъэхэр яІэн хуейщ».

БОГДАНОВЭ Татьянэ.
«Аргументы и факты»

● Псэукіэ

Зэбгъэзэхуэным къикІыркъым унэпсейуэ

Дэ ди гугъэщ ахъшэр зэзыгъэзэхуэн хуейр къулейсызхэм я закъуэу. Уеблэмэ, ауан дощІ дэтхэнэ кІэпІейкІэри зыкъуз нэмыщІхэр. Ауэ кризисхэр щІэх-щІэхыурэ къохъу, иджы дызыхэхуари иужьрейуэ къыщІэкІынукъым.

Зэуэ икІи нэхъ пуду

Ерыскъым текІуадэм къыдагъахуэ зэуэ икІи куэду къащхъуурэ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Америкэм и тыкуэнышхуэм зы шатэ банкІе прунж килограмм къыщыпщэхуфынукъым: прунжыр къэпым ильщ, дагъэр литри 5 - 10 зэрыхуэ кумбыгъэм итщ.

Абы ещхь хабзэ щызэкІуэ Италиеми. Мыбы щэбэт къэс ерыскъым и уасэхэр щрагъэхуэх. Щыхуэхэм фІыуэ ящІэ дэнэ лы нэхъ пуду щыбгъуэтынуми. Іуэхур ерыскъым щыхуэхІуэм дэж урымхэр ахъшэ щыскъыкрыхьм.

Испаниеми ахъшэр хуабжьу щызэрагъэзэхуэ къэралыр кризисым щыхэуа 2008 гъэ лъандэрэ - ар иджыри иухакъым. Мадрид псэуныгъэм егъэщІыпІа Іуэхухэмкіэ и центрым къитахэм ятепщІыхьмэ, испанхэм ерыскъым трагъэкІадзэр пщІондэ. Ар я зэмэщІэфащ тыкуэнышхуэхэм зэрыщащэхум и фІыгъэкІэ.

Къэдгъэлъэгъуэнщи, Урысейми щымащІэкъым нэхъ пуду ущыщІэхуэфыну щыпІэкэр. Бензин уасэр зэхэбдзэмэ, автомашинэм апхуэдэхэм унигъэсыфынущ.

Щыгъын: хэди къыхэх

Италием щІыхуэр куэдрэ щыхоплъэхъ щыгъынхэм. Тыкуэнхэр къыхэкІухъ - щыхоплъэ, щыходэ. Ауэ щыщІэхуэнум и деж ахэр куэду икІи нэхъ пуду щащэм зрагъэхьэлІэ. Зи щхьэр лъагэу зыІэт инджылызхэри, я пагагьыр зыщагъэгъупщэри, апхуэдэхэм деж тыкуэныр къызэІуахыным зы сыхьэт иІэжу чэзум хоувэ. Зэрызекъуэм фэбжь къыщыхахи къохъу.

«Комиссионнхэзр» къэрал куэдым - псалъэм и хьэтыркІэ, США-м, Израильм, Франджым щыІэщ. Сыт хьэпшып щІэрыпсыр щыІыхьІэбдзэнур ар пщэ хьунумэ? НэгъэщІэзы лъэныкъуэкІи ар Іэмалыфщ уасэ ныкъуэкІэ узыхуэи зыІэрыбгъэхьэн папщІэ.

Икіи, дауи, Интернетри къэгъэсэбэп. Абыкіэ американхэм ящэ псори - щІэхэри тІорысэхэри.

Псоми мыхьэнэ яІэщ

Зызыужьа къэралхэм хуабжьу щыщыдагъахуэ токым. Америкэми Израилми щыхуэхэр фІэкІыпІэ имыІэу щыщІэупщІэнущ ІэмэпсымэщІэм токыу исынур зыхуэдизым.

Нэгъабэ и кІэуым урысейхэм зыхэпшып куэд щащэхуащ хуей-хуэмеймии. Ахэр нэхъ пуду ящэжьну къыщІэкІынщ.

Мыбдежи хэкІыпІэ къыщагъуэт

ЖКХ-м и Іуэхутхэбзэкэр Европэм куэдкІэ щынэхъ лъапІэщ (я хэхъуэхэри щынэхъ инщ) ди деж нэхърэ. Ауэ, нэхъыщхьэращи, мыбдежи къыщыдагъахуэф.

Инджылызым щІэупщІэшхуэ щаІэщ цылъэпэдхэм. Уеблэмэ ахэр тыгъэ зэхуащІ. Альбион и щІыхуэм хуабжьу зэрагъэзэахуэр гъэсэныпхъэм текІуадэр. АрexьэлІащ къуалейхэми.

Италием къамыгъэсэбэп пэшхэм хуабэ зэрыкІуэ бжьамийхэр щызэхуащІ. Нэхъ хуэхъуалейсызхэм щЫмахуэр зы пэшым щрах.

Уэздгъэшми щосхь. Европейхэр есэжащ пэш ныкъуэкІыфІхэм щІэсыным. Язныкъуэ пэшхэр езыр-езыру къыззэщІонэ щІыхуэхэр щыщІыхьэм деж.

Израильм, Испаниеми, Италием псым щыхуосакъ. Ар зэрагъэзахуэ Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ.

Урысейм хуабэм уасэ пыухыкІа щІэщ. Араши, уасэ нэхъ мащІэ зыщІатыкфынур токымрэ псымрэщ.

«Комсомольская правда».

● Щыдагъэ

Дапщэщ и пІэ щиувэнур?

Щыщдагъэм и уасэхэр иджыри зэпІэзэрыт хъуакъым икІи гъатхэпэмэлыжьхьхьым аргуэру ехынкІэ хъунущ. Американ Іэщіагъэлілхэм жаІэ зы баррелыр доллар 40 нэхърэ нэхъ пудыну, урысейхэм - долларищэм нэскІэ дэкІуеижьну. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъунур дуней псом щыдагъэ къыщІэщыпІэхэр нэхъ мащІэ зэрыщыхъуарауэ жаІэ дыдейхэм.

Ди къэралри илъэсым и кІэм екІуэлІэнущ «дыщэ фІыцІэу» - ящыщІишыр фІыгъэкІэ уасэхэр дэкІуеи-нущ. Арщхьэкіэ Щыдагъэрэ газрэ къыщІэзэхэм я зэгухьэныгъэм щыхуэгъэфащэ тонн мелуанитху нэхърэ нэхъыбэ кІэрамыгъэхуну. Зэманым зыдрагъэкІуну хуейкъым США-мрэ Сауд Хьэрэпымрэ. Иужьрейм жиІащ щыдагъэу къыщІишым зэрыкІэримыгъэхунур. США-р яужь итщ уасэхэр ириудыхыну. Уасэхэм зэхъуным щІэбэнкІэ Урысей, Иран, Венесуэлэ къэралхэращ.

«Мы зэманым Урысейм кьыпэщыт къалэн нэхъыщхьэр, - жеІэ зи гугъу тщІа зэгухьэныгъэм и Іэщіагъэлі Танкаев Рустам, - американ Іэмэпсымэхэр гъэлэжьэгъуей зэрыхъуарщ. Мы Іуэхур кьыкъуэкІащ США-м УФ-м хьэхуэгъэзэа санкцэхэр игъэувэ иужь».

Апхуэдэ Іэмэпсымэхэр Урысейм и щыдагъэ къыщІэщыпІэхэм я Іыхьэ пІІэнэм къыщагъэсэбэп. Ауэ Танкаевым и фІэщ мэхъу абы щхьэкІэ лэжьыгъэ кьызэрымыувыІэнур. Апхуэдэ Іэмэпсымэхэр дуней псом щызэкІуэ, абы и фІыгъэкІи компаниехэм кьагъэтэнущ ахэр зэрызІэрагъэхьэну Іэмал.

ВОЗДВИЖЕНСКАЯ Александрэ.
«Российская газета»

● Уасэхэр

Щакхъуэ уиІэмэ...

«Мыхьэнэшхуэ зиІэ ерыскъыхэкІэу тІощым я уасэхэм тыкуэнхэм хагъэхъуэнукъым, - щыжаІащ кризисым пщІэтыныжмкІэ правительствэ комиссэу япэ вице-премьер Шувалов Игорь зи унафэщым и зэІущІэм. Мазиті гъунэгъум абыхэм я уасэхэм залэтынукъым, ауэ хуитщ кІэрагъэхуну». Фигу къздгъэкІыжьмащ, а Іуэхур къыхэзыІухьар хьэрычэтыщІэхэрщ икІи властхэм даІыгъащ щыгуфІыкІыу.

ЛъапІэ ямыщІыкІуэм хагъэхьащ щакхъуэр, гъэшыр, фошыгъуэр, шыгъуэ, курпІэхэр, кІэртІофыр, мыІэрысэхэр, лы лІэужьыгъуэ язныкъуэхэр. Щхьэтечу жыпІэмэ, щыхуэхэм нэхъыбэу къагъэсэбэп ерыскъыхэкІэр. Арщхьэкіэ къыкъуэкІащ жэрдэмыр зымыдэхэр. Щакхъуэгъажьэхэмрэ Іэфыкіэ зыщІхэмрэ я урысей зэгухьэныгъэм (РОСПиК) Федеральнэ антимонопольнэ Іэнатіэм и унафэщі Артемьев Игорь хуигъэзащІ щакхъуэм и уасэр зэпІэзэрыт хабзэм къемызэгъыу къыльытэну. Абыхэм жаІэ апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр щІакхъуэ зыгъажьэхэм эзран яхуэхъуну.

- Хьэжыгъэм къыхэщІыкІа ерыскъыгъуэхэр зыгъэхьэзырхэм хэхъуэу яІэрыхьэр зэрыхъур процентэ 3 къудейщ, абы къыхэкІыу текъуэзэныгъэ дэтхэнэми хэщІыныгъэ къарет, - жеІэ РОСПиК-м и Іэтащхьэ Кацнельсон Юрий.

Розничнэ сатум и компаниехэм я ассоциацэр (АКОРТ) къэуващ тыкуэнхэр зэрагъэхъуанэр имыдзу.

- СатуущІхэм куэдрэ къалъыхъуащ псоми къезэгъыну Іэмалхэр,- къыхигъэщхьэкІащ АКОРТ-м и унафэщІхэм ящыщ Великанов Евгений. - Мыбдеж щІакхъуэгъажьэхэр щыхилъэфакъым.

ЩІакхъуэгъажьэ Іуэхущ-лІэхэм я урысей зэгухьэныгъэм кьитахэм ятепщІыхьмэ, заводхэм кьыщІагъэкІхэм уасэр процентэ 10 - 20-кІэ къаІэтащ. Ар къызыхэкІар хьэжыгъэр нэхъ лъапІэ зэрыхъуарщ. Фермерхэм я дежкІэ нэхъ фейдэт гъавэр нэгъуэщІ къэралхэм яшэну. Псалъэм и хьэтыркІэ, мы зэманым гъавэ тонныр Чикаго и биржэм доллар 250-рэ щиуасэщ, ди деж щызэкІуэр сом мин 11-щ. Абы Урысейм гуэдзыр къащемэщІэкІыныр къызэриншэм кьыдэкІуэу, уасэхэри кьеІэт. Правительствэм мазаем и 1-м гъавэр зэрыращ пошлинэхэр кьиІэтат, ауэ кьыкІэрыхуауэ кьыщІэкІащ.

Урысейм Статистикэмкіэ и къэрал комитетым къызэритамкІэ, щІакхъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм я уасэхэм зэрыхъхъуар процентэ 5 - 6 къудейкІэщ, къэлэжьыпІэр лъагэу дэкІуеиям. Ауэ сыт хуэдэ Іэнатіэр нэхъ хилъэфами гурыІуэгъуэкъым.

КОЗЛОВЭ Александрэ.
«Комсомольская правда»

● Тхыгъэщіэ

Тыркум къикІыжа, филологие щІэныгъэхэм я кандидат Чурей Дыжьын и тхылъэщІэ иджыблагъэ Сыхъум къалэм къыщыдэкІащ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Къару

ЗэгурыІуамэ нэхъыфІт

- НАТО-м Украинэм и ипщэ къуэкІыпІэ лъэныкъуэм щызэфІэувэ щытыкІэр къигъэсэбэпащ Урысейм и гъунапкъэхэм гъунэгъу зыкъыхущІын папщІэ, - жиІащ УФ-м зыхъумэжьныгъэмкІэ и министрым и къудзэз Антонов Анатолий.

Ар ХЭТАЩ щынагъуэнщагъэм егъэщІыпІа Іуэхуэхэмкіэ къэрал зэхуаку зэІущІэу Мюнхен щекІуэкІам икІи Урысейм кьыхуэдзэлашхэу абы кьыщаІэта псалъэмакъыр теІыдыжэ щыхъуауэ абы къыкІыжащ.

- Мыбы ещхь гурэхэр жаІэрт: «Нобэ Украинэрщ, щыдэй дэращ». Дэ пщэдей танкхэмкІэ, кхъухьлъатэхэмкІэ, кхъухьхэмкІэ датеуэну зыдгъэхьэзыр фІэкІа пщІэнтэкъым. Уопльэ апхуэдэ щІыхуэхэми, уогупсыс: «Фэ фи акъылым фитыж? Апхуэдэ делагъэ щхьэ фигу къэкІыхьэрэ?!» - зэгуэпауэ жиІащ Антоновым.

А псалъэмакъэм лъабжьэ гуэр зэрамыІэр хьэкъ ящыхъуащ къагъэкІуа инспекторхэм. Министрым и къуэдзэм ягу кьигъэкІыжащ «Уэгу зэІуха» зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, абыхэм нужь зэманым Урысейм и уэгур 35-рэ къызэралъэтыхьар. Бенэ щызэрахьыІахэм тету мазитІым кьэпщытэныгъэу пІы ирагъэкІуэкІащ.

Сыт атІэ яльэгъуар? Урысеидзэм зауэм зэрызыхуимыгъэхьэзырыр хьэкъ ящыхъуауэ зыгъэзэжа инспекторхэм я Іуэху епльыкІэхэр занщІэу яхъуэжырт. «Ар, - жеІэ Антоновым, щыхьэт тохъуэ зэгурыІуэныгъэм я хабзэр егъэфІэкІуэн зэрыхуейм».

Министрым и къуэдзэм къелъытэ зыхуэдэзэлашхэхэр Урысейр арауэ. Дэтхэнэр сыт хуэдэу щытынуми яубзыхун къалэныр я пщэ далъхьэжащ США-м, Евросоюзым, Канадэм, нэгъуэщІ къэрал зыбжанэм.

- Дуней псом щхьэхуитныгъэмрэ демократиемрэ я шэсыпІэу щытыр НАТО-м и закъуэ хуэдэу Брюссель куэдрэ щыжаІэ, АтІэ насыпифІэу ущытын папщІэ а зэгухьэныгъэм ухэтын хуей? Абы къикІыр адрей къэрал псори къакІэрыхуауэ, фэ кърамыплъаракъэ? - щІэупщІащ Антоновыр.

Апхуэдэу щыт пэтми, Урысейр хьэзырыт НАТО-м епсэлъэну. Шынагъэншагъэм егъэщІыпІа Іуэхуэхэм теухуауэ къэралхэм я аІыкІуэхэр щызэфэнджэщынущ УФ-м ЗыхъумэжьныгъэмкІэ министерствэм къызэригъэпэщауэ Москва щекІуэкІыну конференцым. Ар екІуэкІынущ мэлыжьхьым и 16 - 17-кэм. Абы кьыщыпсэльэну я мурадщ зыхъумэжьныгъэмкІэ министр Шойгу Сергейрэ Штаб Нэхъыщхьэм и унафэщІ Герасимов Валерийрэ.

Антоновым жиІащ къэрагъэблагъа хэхъуа 80-м НАТО-м щыщхэри зэрахэтыр.

Къэрагъэблагъэнущ альянсым и унафэщІхэри. ЗэІущІэм къыщалэтыну Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ «Ислъам къэралыгъуэм» и боевикхэм япэщІэтынир.

ЗыхъумэжьныгъэмкІэ ди министерствэм щытогузэвыхь «Ислъам къэралыгъуэм» и япэ террорист гупхэр Афганистаным къызэрыщыхутам.

Антоновым и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, абыхэм зыкъагъазэ кьыткъуэт къэралхэм, псом япэу ОДКБ-м кьыдыхэтхэм я дежкІэ. Абы къыхэкІыу Урысейм игъэбыдэнущ Таджикистанымрэ Кьыргъызымрэ щиІэ дэз базэхэр.

КьищынэмыщІауэ, ди къэралыр мы зэманым щытыкІэ мытыншым ит Египетым дэІэпыкъунущ дзэ лъэщ къызэригъэпэщынымкІэ, Китайм дэлэжьэнущ сыт и лъэныкъуэкІи.

ГАВРИЛОВ Юрий.
«Российская газета»

Мурат Чэпай и гукъэкІыжхэр

Си гъащІэ - си дуней

(КІэухыр. ПэщІэдзэр №№34-36, 39-40-хэм итщ).

НЭХУ ЩЫРИ, пщэдджыжьым Патерсон дашэжащ. Зыдгъэпсэухужьми дыхунэсакъым. Къалэм дыкІуэн хуейуэ къытщІэльти, ленІэщІэкІыуэ зыдужьащ. ТхьэмахуэкІэ дисащ Натхъуэ Къадир и унагъуэм, езыми и щхьэгъусэми дакъекъэпъэкІауэ гу лъыстакъым. Датехьэлъамэ, я фэжІэ къэтщІэнтэкъэ?! Зэрыжанщ зэщхьэгъусэхэр, зыкъытщагъэнщІыркъым, къытщыгуфыкІ зэпытщ. Адыгэр дэни щыадыгэщ, щІым и гъунэм къыщыхутами, зэрыадыгэр игъэгъэщэнукъым. Апхуэдэхэщ ди бысымэхэр - Натхъуэкэ Къадиррэ Суіэдрэ.

Патерсон дынэсри, Молэмусэ Убейдэрэ абы и шыпэхъыщІэ Щэрифрэ я унагъуэкэ къытІущІащ - дыщынэсынум пэплъэрт. Хэку зауэшхуэм и ужькІэ щхьэрыуахэм ящыщщ ахэр: Къызэрдей-Балъкъэрыр ябгынэри, дунейр зэхахІухьащ, я нэгу Іащэ гугъуехь щІэкІащ, мы къалэ щІыкІыр псэупІэ яхуэхъуухь. Бынунагъуэ щыхъуащ абы, я бынхэр ирагъэджащ, нэмысфІэкІэхэщ, зэрыадыгэм ирогушхуэ.

Молэмусэ Убейд дригъэблэгъащ ещанэ махуэм, хьэщІагъэ къыдихащ, Іэнэм кьытралъхьэрэ кьытрагъэувэмрэ яфІэмащІэу. Дызыбгъэдэсхэр, псори къэзгдейт. Псалъэ къыщыслъысым, сихъуэхъуащ.

Молэмусэр, пыгуфІыкІри, къыззэпльащ:

- Къэзгдейбзэ умыщІэу ямыІатэ уэ?!

- Убейд, - жысІащ, - сэ езыр сыкъэбгрдейщ, ауэ сыкъыщыхъуахри, сыщапІари, сыщеджари Адыгэ хэкуращ. Абы и бзэрщ си щІакхъуэ Іыхьэр къыззрылэжьщ. Сэ сфІэзахуэкъым щІым и гунэм Америкэм фыщыпсэууэ, адыгэ тІэкІыр лъэпкъ-гущІэгъуэрэ зэрызэхэвдзыжыр: къэбгрдейти, кІэмыргуейти, бжьдыгъути, хьэтыкъуейти, шапсыгъти жьфІэурэ.

- Уэ уэхмытми, дэ дызыгъэсэн догъуэт, щІалэ, - нейнейуэ къызэплъащ Молэмусэр. Ар си гуапэ хъуакъым, пэздзыжьныІати, ескъуехьжащ, псалъэмакъ къыкІынкІэ сышынэри.

Лъэпкъ зэхэдзыр зыхэдгнын зэрытхуэзфІэмыкІыр си жагъуэ мэхъу. ЩІым и гунэм щопсэу ди бысымэхэр, итІани зэрыуфыбдын, зэрыІыгъын зэрыхуейр зыщагъэгъупщэ. Псори дыдыгъщ дэ, аращ ди лъэпкъыцІэр - ар зэхэтщІыкІыну и чэзу хъуакъэ? Куэдым къагурыІуэркъым ар ноби...

Натхъуэ Къадир и уна дыкъижьажа нэужь, телефон макъ кьэІуащ:

- Мурат и къуэ, Бжьдыгъу хасэм укъытхуеблагъэмэ ди гуапэщи, дыпполлъэ.

Сахуеблэгъэн зэрызигуапэр яжеСащ. Къызэрдей хасэм яфІэфІ хъуакъым ар. «Дэращ къэзыгъэблагъар, ди хьэщІащ, яхдгъэхьэнукъым абыхэм», - ар жысІаи ежьащІащ. ИфІ зыкъриШэжа хъунти, Убейд акъылэгъу ядэхъуакъым: «Захуагъэкъым жьфІэр: ахэри адыгэщ, хьэщІэ щІалэхэр ильагъун я гуапэщ, ирекІуэ, пшынауэри гъуСэ ирырещи», - жеІэ.

Щымыгъэхъу Лэмхъанрэ абы и щхьэгъусэ Чыгъэду Нурдинрэ я унэм щызэхэт Бжьдыгъу хасэр. Нурдинрэ Лэмхъанрэ Сирием кьиКІащ, нэмысшхуэ зыхэлъ щІыхь щымыІэхэщ. Хэхауэ езым и унэ и1экъым Бжьдыгъу хасэм - унагъуэ е щхапІэ гуэрым щызэхохьэ. Дазэрыхьхьар я гуапэ дыдэ зэрыхъуам гу лъыстащ. Зауэ зэманым хэкум иКІахэм ящыщ яхэслъэгъуащ зэхуэс гупым, Адэмий, Куэшхьэблэ къуажэхэм дэкІауэ. Абыхэм ящыщт Куэблэ Борис, ЩауэпцІокъуэ Катя - ЩауэпцІокъуэ Къазбэч и анэр, Сирием кьиКІауэ Къазан Екъя. ДызэрыцІыхуащ, нэІуасэ дызэхуэхъуащ. ЗаулкІэ дыщысауэ, ПащІэ Іэнэ къыпхихьащ, абы и уэрэдхэр ягу ирихьащ псоми.

Дыкъежьэжьи щыхъум, Іенэ дызэтригъэувІащ, къыддэлъэІури. «ЕмыкІу сыкъэвмыщІ, - жиІащ Іенэ, - зы псалъэ жысІэнущ. Чэпай фІэфІ хъунукъым жысІэнур, ар сощІэ, итІани жызмыІэн слъэкІынукъым. ДыщІэпащІэр Къызэрдей хасэр къыптопльэри аращ. Чэпайр нэхъри зыпэплъэр: ар нобэ къыщалъхуа махуэщ, и ныбжьыр илъэс щэ ныкъуэ мэхъу. Хасэр къеХьуэхъунущ».

Си «щэхур» ябзыщІыну сельэІуат псоми, Іенэ хуэщэчакъым. Плъыжь сыхъуащ, хужь сыхъужащ - си гъэжькІытащ Іенэ, утыку Іэху сищІри. Іэнэм парыСхэр къызэфІэуващ, си Іэр къаубыдащ, ІэплІэ къыСхуащІащ. «Къызэрдей хасэм иджыри къэс дахэмыхьами, Чэпай и хъэтыркІэ дахьихьэнщ», - жаІащ. Гъусэ къытхуэмыхьуари сыкъэхІащ, нэхъыбэр ныддежьащ. Машинэхэм дитІысхьэри, Къэзбэрдей хасэм и унэм деКІуэпІащ. Унэм цІыхур щІэзщ, пшынэ макъ къыщІоІукІ. Шэху уэздыгъэ щэ ныкъуэ зыхэс торТышхуэр Іэнэм тетщ. Хьуэхъу дахэ куэд зэхьэзагъэхащ, Іенэ си щІыхькІэ уэрэд жиІащ. Тортым хэс шэху уэздыгъэхэр сагъэгъэункІыфІри, Іэгу кьыСхуеуащ псори. Хасэхэр дгъэкІэ зэкІэпъыкІуэну, зыр зым нэхъуфІэу емыплъыну, Іээху уэздащІэну зэгурыІуауэ кьыСщыхьащ а пщыхьэщхьам. Ар си фІэщ хъущакъым: зэбгъэдэкІыжмэ, я щІыб зэхуагъэззэжьынкІэ сошынэ нобэр кьыздэсым. Яхуэзрымыгъэгъэшри сыт - аращ игъащІэкІэ къызгурымыІуэхэмэр...

ДИ БЫСЫМХЭМ дапъэльэгъуар куэдыщэщи, а псор схуэІуэтэжьынукъым. Нью-Йорк зыщыдгъэпльхьащ, дигу пэщІыхь. ООН-м и унэм дашащ, зэІуащІэхэр щрагъэкІуэкІ пэшыышхуэм щыІашащ, Хрущев вакъэкІэ зытеуІуа къэпсалъапІэ нэгъунэ дагъэкІуэдауащ. Хуитыныгъэм и фэеплым кхъуафэкІэ драшэлІащ, абы и щыгум нэс дыдэкІуеящ. Махуэми жэщми етІысхакъым ди бысымхэр, ди ужь иКІакъым. Дэри дешакъым: я нэгу зедгъэужьащ пщыхьэщхэ къэс - уэрэдкІи, пшынэкІи, къафэкІи. Ди концертым езгъэплъащ си адэм и ныбжьэгъуа, Блашэпсынэ къэбэрдей жьлэм кьыщалъхуа Нэхущ ТІымэ. Зауэ зэманым щхьэрыуахэм ящыщт ар. Концерт нэужьым я уэн сришащ. И закъуэщ унэм щІэсыр, абы щхьэкІэ щІэныгъэнакъым: Іэнэ зэпэщ къыгъэуващ. Іэдэ игу къыгъэкІыжащ си къуажэгъуэм, и нэпсым кьыззэпижьхьауэ хъыбар куэд сригъэдэІуащ...

Пэ зиІэм, кІэ иІэщ - адыгэм я псэльафэщ ар, ди лъэпкъэгъуэм даззрыхэта тхьэмахуэр зы сыхьэт къытщыкъуэкъым. Езыхэр къытхуэрэзыуэ дэри нэгум щІэлъэщ лъэгум дгъэкІуауэ Нью-Йорк зэропортым дыкьеКІуэлэжащ.

Америкэм щыпсэу адыгэхэм яхэтлъэгъуар сэ зэи сщыгъупщэжьынукъым, игъащІэкІэ си нэгу щІэтынущ нэІуасэ, хэгъэрей дызыхуэхъуахэр. Гум къонэ псори - ари я псэльафэщ адыгэм. Гъуэгум текъэ къытенэркъым - ари ди псэльафэщ. ЩІым и гъунэм уиІэнущ гъуэгум. Апхуэдэ Гъуэгущ дэ дызытетар.

Мейкъуапэ - Мэзкуу - Анахайм - Патерсон - Нью-Йорк.

1989 гъэ, накъыгъэм и 14 - мэкъуэгуэгъуэм и 14

ХьэфІыцІэ Мухьэмэдрэ сэрэ Нью-Йорк дрихьэщІэщ.

ООН-м ШынагъуэншагъэмкІэ и Советыр щылажьэм Хэкум иКІа хьэщІэхэмрэ бысым пщащэхэмрэ зыщапльхьэ.

● Мы гъэм и япэ къыдэкІыгъуэхэр

«Іуащхьэмахуэ»



ТхакІуэ, щІэныгъэлІ МафІэдз Сэрэбий къызэрэлъхурэ илъэс 80 ирокъу. Абы ирихьэлІэу журналым тридзащ Къэжэр Хьэмид МафІэдзым триуху «ФІыщІэ жыг зыхуэфащэ» тхыгъэр. Апхуэдэуи тетщ «ЩІакІуэ фІыщІэ» повестым щыщ Іыхьэ.

УСАКІУЭ Къагьырмэс Борис и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу. Журналым тетщ Къаджэрий Мухьэмэд пащІэ ЩэвлокъуэПетр итхауэ щыта «Іуэгуанэ махуэ» тхыгъэр, Къагьырмэс Борис щхьэкІэ тхакІуэхэмрэ усакІуэхэмрэ жаІахэм щыщ пычыгъэхэр. Апхуэдэуи мы къыдэкІыгъуэм традзащ Къагьырмэсым и усэ нэхъыфІхэм ящыщ зыбжанэ.

Илъэс 75-рэ ирикъуащ тхакІуэ Жылэтеж Сэлэдин. Абы ирихьэлІэу тхакІуэм епсэльащ журналист Нэщ1эпыджэ Замирэ. Журналым итщ а интервьюр. Абы дыщІагъуащ Жылэтежым итха «Сэ сыІат» рассказымрэ и усэ зыбжанэрэ. «Іуащхьэмахуэм» пещэ ШинкІубэ Бэгьрат итха «ЖылакІэ» романыр тедзэным. Мы къыдэкІыгъуэмэ итщ абы кІэлъыкІуэр.

2015 гъэр Литературэм и илъэсщ. Журналым и мурадщ щІэджыкІакІуэхэм абы хиубыдэу тхакІуэ, усакІуэ зэбжанэ нэхъыфІу дигъэщІыхуну. Ар зэраублэрэр урыс поэзием и лирик нэхъ лъэщ дыдэу ялытэхэм ящыщ Фет Афанасий тетуха тхыгъэрэ абы и Іэдакъэщ1экІэмрэщ. Аэрэ адыгэбзэкІэ зэзыдзэкІар Уэрэзей Афликщ.

«Литературэ щІэныгъэ. Критикэ» Іыхьэм фыкьыщыджэнщ филологие щІэныгъэхэм я кандидат Хьэвжокъуэ Людмилэ усакІуэ Лыкъуэжь Нелли и творчествэр щызэпкрих «Си псалъэр щІэщыгъуэ» тхыгъэм.

«Тхыдэ» Іыхьэм итщ Къэрмокъуэ Хьэмид и Іэдакъэщ1экІ «ЛІэщІыгъуэхэм я лъэужьыр».

Тхыдэр щыхьэт тохъуэ адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ гъавэ зэращІэм. Абы кьиКІыр гурыІуэгъуэщ: гъавэ зыщІэ хъуам зыужьныгъэ ин дыдэ игъуэтат, Іэпхъуэшапхъуэм кьыпыкІри и пІэ итыСхьат, Іэщ1агъэмрэ щІэныгъэмрэ иригъэу хъуат.

Тхыдэм кьызэрызэщцыжьмкІэ, адыгэ мэкъумэщышІэхэм хабзэ гъэщІэгъуэн куэд кьадзэгъэгурыкІуащ гъавэ щІэным ехьэлІауэ. Абыхэм ящыщщ ныбжьыщхуэ зиІэ ванкІуэдэкІ, ванкІуэхьэж хабзэхэр. Мис а хабзэхэм, нэгъуэщІхэми нэхъыфІу щыгъуазэ зэщыщфІыщІынущ Къэрмокъуэм и тхыгъэмкІэ. Апхуэдэуи абы къыщыдгъэтынщ а хабзэхэм ехьэлІауэ Іуэрыйуатэм ди деж къихьэса хъыбархэм ящыщ зыбжани.

«Хэхэсхэм я дуней» Іыхьэм фигъэщІыхунщ хамэ къэралхэм щыпсэу щэрджэс щэрыІуэ зыбжанэ. Тхыгъэр эи Іэдакъэщ1экІыр ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президент, «Черкесское зарубежье» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъым и фІыгъуэ нэхъ лъапІэ дыдэр и акъылым и лъабжьэр и бзэрщ. Ди анэдэлъхьэгъэр нобэ зэрыт щыІыкІэм филологие щІэныгъэхэм я доктор БакІуу Хьанджэрий щытопсэлъыхьх «Лъэпкъым и малъхъэдис» тхыгъэм. Ар итщ «Анэдэлъхубзэ» Іыхьэм.

«Іуэрыйуатэ» Іыхьэм щыщыбгъуэтынщ нарт хъыбархэм ящыщу «Уэзырмэс кьеежьІар», «Уэзырмэсрэ и къуэмэр».

«ТхьэпшІэхэр» Іыхьэм ит «Тыгъэ гуапэ» тхыгъэм Тембот Санитэ щытопсэлъыхь 1914 гъэм адыгэбзэкІэ къыдэкІа тхылъ зыбжанэм.

«Іуащхьэмахуэм» къытехуащ Мыз Ахьмэд зэхилъха псалъэзэблэдзыр, еханэ хьэщІэкІыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр щыІэнущ.

ЖыІэпхъэщ журналыр кьызэрыдзкІ бжьыгъэр нэхъыбэ зэрыхъуар, икІи 3300-м зэрынэсар.

ТхакІуэ, щІэныгъэлІ МафІэдз Сэрэбий къызэрэлъхурэ илъэс 80 ирокъу. Абы ирихьэлІэу журналым тридзащ Къэжэр Хьэмид МафІэдзым триуху «ФІыщІэ жыг зыхуэфащэ» тхыгъэр. Апхуэдэуи тетщ «ЩІакІуэ фІыщІэ» повестым щыщ Іыхьэ.

«Нур»

Езанэ къыдэкІыгъуэр къызэІуех Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ Къагьырмэс Борис къызэралъхурэ илъэс 80 зэрырикъуам теухуа тхыгъэ кІэщІкІэ. Апхуэдэуи тридзащ юбилярым сабийхэм яхуитха «Ильэсыщ1э» усэр. АдэкІэ тетщ усакІуэ Къажэр Петрэ композитор ХьэІуп1э Джэбрэилрэ ятха «ЩІымахуэ» уэрэдыр.

1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм ТекІуэнкІэ къызэрыщытхьрэ илъэс 70 зэрырикъум и щІыхькІэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэм и дыщэ вагъуэхэр. 1945 - 2015» псалъащхьэм щІэту журналым тридзащ ди щІыналъэм щыщу «Совет Союзым и ЛІыхъужь» цІэ льапІэр зыфІащахэм я сурэтхэр.

АдэкІэ фыкьыщыджэнщ «Снегурушкэмрэ бажэмрэ» урыс таурыхъым, адыгэбзэкІэ Нало Заур зэридзэкІауэ.

Налшык щыпсэу, зи ныбжьыр илъэси 3-м щІигъуа къудей Мамбэт Алия ищІа сурэтхэр щыІыкІуэм яфІэгъащІэгъуэн зэрыхъунур щэчыпэщ. Апхуэдэуи мыбдеж тридзащ сурэт, журналым еджэ щыІыкІуэм езыхэм ялэжьин хуейуэ.

АдэкІэ тет псалъэзэблэдзыр «А» хьэрфым теухуащ.

Мы къыдэкІыгъуэм и гуэджэм кьищыр илъэси 10 зи ныбжь, Налшык школ №9-м щеджэ, сурэт щІыным, усэ тхыным дахьэх, фІы дыдэу еджэ, «Щэху уэздыгъэ» студиеим жьыдэру кІуэ Шыкъ Денизэщ.

ЕтІуанэ къыдэкІыгъуэр къызэІуах Къардэн Бубэ и Іэдакъэщ1экІэу «Фэепльэ мыужьых» рассказымрэ «Сэлэтым и гъэгуанэ» повестым щыщ «Плащдарм» пычыгъэмкІэрэ.

ТхакІуэ, усакІуэ Жылэтеж Сэлэдин и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуащ. Абы ирихьэлІэу журналым тридзащ Жылэтежым теухуа «СабийгъэгуфІэ» тхыгъэ кІэщІымрэ Сэлэдин цІыкІуэхэм яхуитха усэхэм ящыщщэмрэ.

«Іуэрыйуатэ» Іыхьэм фыкьыщыджэнщ Шэрджэс Алий итхыжа «Мазэм ит мэлыхъуэ» адыгэ псысэм.

«ЩІэблэ» Іыхьэм кьыщыщІыхунщ Іуэхуэгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм дахьэх, фІыуэ еджэ ныбжьыщІэ зыбжанэ.

АдэкІэ тетщ Гъэзэнэ Борис, Сэрахъэ Александр сымэ щІыкІуэхэм папщІэ ятха усэхэр.

Хьэту Петр зэхилъха «КІэпхъымрэ дыгъужьыжьымрэ» таурыхъыр щытеуухуар зэрырыщІэкІэ дыгъужьым пэщІэхуа кІэпхъэ щІыкІыр, щхъуэжьым зримыгъэшхьу, гъэпцІагъэкІэ кьыззрылэщІэкІарщ.

Мы къыдэкІыгъуэм фыкьыщыджэнщ Журт Биберд и «Лъэрыжъэ» рассказым.

Къэжэр Хьэмид и Іэдакъэщ1экІщ «Псалъэ ІэфІыр щыпсэу пІьахэм», «Абы зэрэджэр» усэхэр.

«Фэ фщІэрэ?..» Іыхьэм къыщыфІыкІунщ псэущхьэ, кьуалэбзу зэмылІэужьыгъуэхэр. Журналым тридзащ абыхэм я сурэтхэр,тхыгъэ кІэщІкІэр ящыгъуэжу.

«Жанщэрхъ» Іыхьэм Жылаз Заур и «Таймураз и текІуэнкІэ» ,«ШколакІуэхэм я зэхьэзэхуэ» тхыгъэхэр топсэлъыхь спортсмен ныбжьыщІэхэм я екъулІэнкІэхэм.

«КъэщІэрей и Іыхьэм» итщ пасэрей кьуажэхь-ребус.

Мы къыдэкІыгъуэм и гуэджэм кьищыр Налшык дэт «Пэгъунымкъу» сабий сад №3-м и гъэсэн Мэшыкъуэ Дианэщ. Дианэ адыгэ усэхэм дахьэх, ахэр гукІэ зрегъащІэ, «Нур» журналым еджэну фІэфІщ.

АБЗУАН Пщымахуэ.

● Налшык

Егъэджакіуэ нэхъыфІыр къыхах

Налшык къалэ администрацэм ЩІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ и департаментымрэ КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм егъэджэныгъэмкІэ и комитетымрэ мазаем и 12-м къыщыщІэдзауэ гъатхэпэм и 6-м нэсыху ирагъэкІуэкІащ «Гъэм и егъэджакІуэ нэхъыфІ - 2015» урысейпсо зэхьэзэхуэм и къалэ зэпеуэхэр.

КОМИТЕТЫМ и унафэщІ Уэлджыр Татьянэ щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, абы Налшык и курыт еджапІэхэм я егъэджакІуэу 24-м я зэфІэкІ щагъэлъэгъуащ.

Зэпеуэр Іыхьитіу гуэшауэ зэхэтащ: «Школым и егъэджакІуэ», «Школым и класс унафэщІ».

«Твори доброго во благо другим» фІэщыгъэм щІэту екІуэкІа мы Іэхъуэгъуэр хуэунэтІат егъэджакІуэхэм ябгъэдэль творческэ зэфІэкІыр хэІущІыІу къэщІынымкІэ, щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ екъэлІа пропагандэ системэм зэманым къигъэув мардэхэм тет Іэмалыщ1эхэр къыщыгъэсэбэпынымк.

Къалэ зэпеуэм жыджэру хэтащ егъэджакІуэ нэхъыжьхэри, жэуаплныныгъэ ин зыпыщІа а къалэм гугъуэм иджыблагъэ пэрыувахэри. КъызэгъэпэщакІуэхэр зэрелпльмкІэ, апхуэдэ Іэху ухуэкІэм егъэджакІуэ ныбжьыщІэхэм Іэмал къарет, лэжьыгъэ гъэзэгуанэ купщІафІэ къезыхьэлІахэм кІэлъыплъу, дерс кьыхахыну.

«Гъэм и егъэджакІуэ нэхъыфІ - 2015» къалэ зэпеуэм бжьыпэр щыубыдащ Налшык и лицей №2-м физикэмкІэ щІэзыгъаджэ Къэшэж Аслъэн. ЕтІуанэ хъуащ гимназие №1-м адыгэбзэмкІэ и егъэджакІуэ Махуэлі Бесльэн, ещанэр СОШ №9-м географиемкІэ щІэзыгъаджэ Динаевэ Марьямщ.

Профсоюзхэмрэ ЕгъэджэныгъэмкІэ департаментымрэ я щІыхь тхылъхэмрэ сауТэхтэмрэ абыхэм ирата.

Къалэ зэхьэзэхуэм щытекІуа Къашэж Аслъэн республикэпсо зэпеуэм и зэфІэкІ щигъэлъэгъэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Ныбжьыщ1эхэр ящущ

Урысейм Тезырхэр ирегъэхьэкІынымкІэ и федеральнэ Іуэхущ1апІэм и управленэу КъБР-м щыІэм и уголовнэ-гъэзэщ1акІуэ инспекцэм щекІуэкІащ балигъ мыхъуахэу хабзэм ебэкъуэнкІэ хъуну гупым хиубыдэ гупым теухуа Іуэхугъуэ.

УИН-м психологие къызэгъэпэщныгъэмкІэ и гупым иригъэкІуэкІа а Іуэхугъуэм кьрихьэлІащ суд зытращІыхьа, Налшык къалэм щыщ апхуэдэ гупым хиубыдэ ныбжьыщ1эхэр. Уголовнэ-гъэзэщ1акІуэ инспекцэм и деж учетым щытхэм я нэхъыбэр суд зытращІыхьауэ щытахэу етІуанэу кьыщІэхуэнкІэ хъунухэрщ. Иджыпсту учетым щытщ щыху 73-рэ, абыхэм ящыщу 18-р етІуанэу хабзэр къызэпІэзыудахэрщ. Психологэм гулъытэ щхьэхуэ хуащІащ балигъ мыхъуа ныбжьыщ1эхэм я зыныкІэм. Ахэр щыгъуазэ ящІащ етІуанэу щІэпхъэджагъэ лэжьыным, хабзэм ебэкъуэным хуэзыгъэуш губжь, гъэмумыхъуныгъэ, мышыІэныгъэ щытыкІэхэр зэрызэхаиным Іэмалхэм.

ЗэІущІэм и кІэуныу ныбжьыщІэхэр ирагъэпІащ Іуэхущ1эм ебэкъуэгупсис «Лъэхъуэщ - дыгъуасэрэ нобэрэ» документальнэ фильмым. Иужькіэ ар кьаззэрыщыхьуам тепсэлъыхьащ.

ЗЭБАР Мадинэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Наркотикхэр къытрах

Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ щІыналъэмкІэ и худамэмэ и полицейхэм 2015 гъэм гъатхэпэм и 8-м нэхъапэм суд зытрамыщІыхьа, илъэс 42-рэ зи ныбжьу Дзэлыкъуэкъуажэ щыпсэум и унэр кьращащым кьэкІыгъэ вещество зэрылъ полимер пакет кьыкъуахащ. Экспертизэм кьызэригъэлъэгъуамкІэ, ар грамми 107,3-рэ хъу марихуанэщ.

А МАХУЭ дыдэм илъэс 36-рэ зи ныбжь, нэхъапэм суд зытрамыщІыхьауэ щІэпсэм щыпсэу цІыхухъум и псэупІэр кьыщащым, апхуэдэ дыдэ вещество зэрылъ пакет къагъуэтащ. ЗэраубзыхуамкІэ, ар грамми 105,7-рэ хъу марихуанэщ.

Уголовнэ Іуэхугъэ кІэлъатащ. Хабзэр къызэпызыудахэм щІыпІэм имыкІыну хуагъэзащ.

Хэщ1ыныгъэу сом мин 313-рэ

Мы гъэм щІыщылэм и 20-м Налшык къалэ Калининым и уэрамым тет къат куэд хъу унэм и фэтэрхэм ящыщ зым ямыщІыхур щІыхьэри сом мин 313-рэ и уасэ мылъку къыщІидыгъуКІащ.

УРЫСЕЙ МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щІыпІэм уголовнэ къэлъыхьуэныгъэмкІэ и къудамэм и лэжьакІуэхэм дыгъуакІуэр яубудащ. Ар мызэ-мытІэу суд зытращІыхьа, илъэс 24-рэ зи ныбжь налшыкдэсырщ.

Ябудам илэжьамкІэ зиумысыжащ.

Автомашинэр къалъыхъуэрт

Урысей МВД-м Тэрч куейм кІэ и къудамэм и ГИБДД-м и гъэзэгупльыр къулыкъум и лэжьакІуэхэм къэлъыхьуэныгъэхэм щрагъэкІуэкІым «ВАЗ-21011» автомашинэр ядыгъуауэ щэч зыхуащІхэр яубудащ Ар мызэмытІэу суд зытращІыхьа илъэс 27-рэ зи ныбжь налшыкдэсым рэ илъэс 23-рэ хъу абы и ныбжьэгъумрэщ.

ДЭФТЭРХЭР къыщащІыгъэм зэраубзыхуамкІэ, а транспортыр къалъыхъуэрт. Полицейхэм хъыбар ирагъэщІащ къалъыхъуэныгъэм и жэрдэмщІакІуэ Урысей МВД-м и Управленэу Москва областым щыІэм.

ПОЛИЦЕЙХЭМ зэраубзыхуамкІэ, щІалэщІэхэм ІункІыбзэщІэхэр хуагъакІуэри, «Аэропорт» кооперативым хэт гаражым щІыхьащ икІи илъэс 80 зи ныбжь налшыкдэсым и автомашинэр къыщІадыгъуКІащ.

Уголовнэ Іуэхугъ кІэлъатащ.

Зи ныбжь хэкІуэтам йодыгъуэ

Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щІыпІэм и лэжьакІуэхэм къэлъыхьуэныгъэхэм щрагъэкІуэкІым «ВАЗ-21011» автомашинэр ядыгъуауэ щэч зыхуащІхэр яубудащ Ар мызэмытІэу суд зытращІыхьа илъэс 27-рэ зи ныбжь налшыкдэсым рэ илъэс 23-рэ хъу абы и ныбжьэгъумрэщ.

ПОЛИЦЕЙХЭМ зэраубзыхуамкІэ, щІалэщІэхэм ІункІыбзэщІэхэр хуагъакІуэри, «Аэропорт» кооперативым хэт гаражым щІыхьащ икІи илъэс 80 зи ныбжь налшыкдэсым и автомашинэр къыщІадыгъуКІащ.

Уголовнэ Іуэхугъ кІэлъатащ.

Сом мин 50 и уасэ дыщэхэкІ

Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм и полицейхэм щІыхубз дыгъуакІуэр яубудащ.

ХАБЗЭХЪУМЭ Іуэхущ1апІэм гъатхэпэм и 7-м зыхъэзыгъэщэ Прохладнэ къалэм щыпсэу цІыхубзым зэрыжиІамкІэ, 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м щыщІэдзауэ 2015 гъэм мазаем и 28-м нэсыху абы и фэтэрым сом мин 50 и уасэ дыщэхэкІэр (Іэпщэхъу, лэрыпс, тхьэгъу, Іэлъыпи 4) щІадыгъуКІащ.

Полицейхэм къэлъыхьуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІым дыгъуакІуэр яубзыхуащ. Ар илъэс 37-рэ зи ныбжь, ей зытехьам и шыпхъурщ. Абы илэжьамкІэ зиумысыжащ.

«Бахъсэн» постым щаубыд

КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м и батальон щхьэхуэм и лэжьакІуэхэм «Бахъсэн» пльэр постым къыщагъэувыІащ Налшык къалэ щыпсэур зи рулым дэс «ВАЗ-21074» автомашинэр.

ДЭФТЭРХЭР къыщащІытэм зэраубзыхуамкІэ, автомашинэм ис, илъэс 52-рэ зи ныбжь Красноярскэ щІалэ щІэныгъэм и гуэдзэ щІэнхъеджагъэ илэжьауэ щэч хуащІу къалъхьэхуэрт.

ЦІыхухъур яубудащ. Къэлъыхьуэныгъэм и жэрдэмщІакІуэм зыхуэфащэ хъыбар ирагъэщІащ.

Къэрал кІуэцІ ІуэхугъэмкІэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жылаз Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхугъэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щхьэхбзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхугъ1апІэхэм ядэлэжьэныгъэмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэм щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм -42-26-41; сурэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехьэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ептыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьэм.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщ дэлъ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуэгуэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр зэхьэмэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту яТхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкІ Соня, редактору Гуґыэт Заремэ, корректорхэу Афэ Тамарэ (2, 3-нэ нат.), **ПхытІыкІ Азэмэт** *(1, 4-нэ нат.), корректорхэм я дэЗпыкъуэгъу* **Мырзэкъан ФатІимэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепІэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбакъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.248 ● Заказ №403